Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 50 (9788) / 12 ноябрь 2018 с. / итни 4 Рабиг1уль-авваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Лъик1ал ишазул марафон

Нилъер районалда ахиралде щвана г1олилазда гьоркьор ишал т1орит1иялъул Министерствоялъ лъазабун бук1араб **«Лъик1ал ишазул марафон»** акциялда хурхарал тадбирал т1орит1и.



Гьел т1орит1ана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва г1олилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул х1аракатчилъиялда. Тадбирал т1орит1иялъул мурадлъун бук1ана жалго разилъун х1алт1и гьабиялъул пикраби ц1ик1к1инари, гьелъул къимат борхизаби ва гьелдехун г1олилал гьет1изари.

Акциялъул х1асилал гьаруleб данделъиялда районалъул бет1ерасул заместитель И.И. Шабазовас лъик1аб къимат кьуна акция т1обит1иялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабурав Ибрагьим Дадаевасе.

Акциялда хурхун, районалъул бат1и-бат1иял учреждениябаздагун организациябазда т1орит1ана – **«Г1олилал-наркотиказде данде», «Г1адамазе рохел кьезе ккани, х1ереналлъун ва адаб –хатир бугеллъун рук1ине ккола», «Гьут1би ч1езе лъугьа», «Рохалил тохтур», «Рагьарал рак1ал»** ва цогидал тадбирал.

Лъик1ал ишазул марафон ахиралде щвана 31 октябралдаса 3 ноябралде щвезег1ан Мах1ачхъалаялда **«Разилъун х1алт1и гьаби – г1умруялъул къаг1ида»** абураб регионаздагьоркьосеб Форум т1обит1иялдалъун. Гьенире г1ахьаллъана нилъер районалдаса волонтёралги.

*ПРЕССЛУЖБА.*

## Унеб буго подписка!




Унеб буго 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.

Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъурущ.**

*Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.*

## Г1ат1ид гьабуна



Араб соналъул 1-аб. маялда биччараб **«Чапар»** газеталда (№17) хъван бук1ана Ленинаул росулъ х1алт1изе байбихьизе бугеб лъималазул ахалъул хал гьабизе хасаб комиссия щванилан ва гьелъие **« Нур»** абураб ц1ар кьунилан.

Г1адамазул кумекалдалъун ва гьезулго зах1маталдалъун гьениб эхетана цоги мина, гьелъ рес кьезе буго жеги нусго лъимер т1аде босизе. Гьеб иш г1уц1иялда нухда иналъулъ жиндирго бут1а лъуна №2 гьоркьохъеб школалъул директор Нажабат Зиятродиновалъги. Дагьал церег1ан къояз миналда т1ад гьабулеб х1алт1и ахиралде щвеялъул данделъиялда г1ахьаллъана-районалъул бет1ер Х1. Х1. Мусаев, гьесул заместитель И. И. Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гьирисханов, росабазул администрациябазул бут1рул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел жамаг1аталъул вакилзаби, умумул ва гь. ц.

Жиндирго к1алъаялда Х1.Х1. Мусаевас гьениб абуна: **«Бокьун буго рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе лъималазул ахаз г1ат1ид гьабиялъе г1арцудалъун ва жидер зах1маталдалъун квербакъаразе. Хасаб баркалаялъе мустах1икъай йиго гьениб гьабулеб х1алт1и г1уц1иялда иналда т1ад х1алт1арай Н. Зияродинова.Гьелъул кумекалдалъун к1вана хасал г1адамазул инвестициял гьенире рач1инаризе»**,-ян.

Гьалбазда цере концерталъулаб программагун рахъана – **«Чебурашка»** лъималазул ахалъул гьит1ичал ва № 2 гьоркьохъеб школалъул ц1алдохъаби.

Т1аде бараб бак1алде лъимал росизе руго (документазул ва финансазул суалал цойиде ккезарун хадур) хадусеб соналъул 1-аб. январалдаса байбихьун.

*А. ДИБИРОВА.*

## Рак1алде щвезаруна...



Нилъ нуг1заллъун руго законалде данде кколарел яргъидг1уц1аралгун къеркьеялълъ, гьез гьарурал терроктазул х1асилалда, цебесеб милициялъул ва гьанжесеб полициялъул х1алт1ухъабазда гьоркьор ккарал камиязе.

Киназдаго лъала 10 ноябрь жанисел ишазул х1алт1ухъанасул Къо бугеблъи. Гьеб т1аде щолеб бук1ин х1исабалдеги босун, т1адехун рехсарал рак1алде щвезари мурадалда, 8 ноябралда ОМВДялда т1обит1араб тадбиралда г1ахьаллъана-районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаев, гьесул заместитель И.Б.Салимханов, жанисел ишазул отделалъул ветеранал, накълулъаразул г1ага-божаралгун гьудул-гьалмагъзаби ва полициялъул х1алт1ухъаби.

К1алъазе рахъарал –Х1.Х1.Мусаевас, Г1.Х1.Халидовас (ОМВДялъул начальник), Г.А.Идрисовас (милициялъул ветеран) гьениб бицана т1аде къо ккараб заманалда нилъер г1олохъабаз бихьизабураб бах1арчилъиялъул, гьезул нахъекъай гьеч1олъиялъул ва бокьараб заманалда г1адлу-низам ч1езабиялъе гьел х1адурал рук1иналъул. **«Жакъа районалда бугеб ах1вал-х1ал г1одобкъан бук1иналъе г1иллаллъун ккола нилъер жанисел ишазул отделалъул х1алт1ухъабаз жидеда божилъи гьабураб х1алт1и, рак1бац1ц1адго, т1убалеб бук1ин»**,-ан абуна гьениб Г1.Х1.Халидовас.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1аз, минуталъулаб сих1къот1иялдалъун, рак1алде щвезаруна законалде данде кколарел яргъидг1уц1аразулгун къеркьеялълъ жидерго г1умру къурал х1алт1ухъаби. Гьениб, райадминистрациялъул рахъалдасан, накълулъаразул хъизабазе гьабуна материалияб кумек.

Бах1арчилъиялде,улкаялде, улбузде рахърал куч1дул гьенир ц1алана Загьра Умалх1атовалъ (Гуни) ва Тайбика Зираловалъ(Гертма).

Тадбир ахиралде щвана рак1алдещвезариялъул ссиялда цере т1угьдузул гор ва квац1аби лъеялдалъун.

*И.ИДРИСОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Баркала дуе, Муса!



ТIаса бищараб махщалиде унго-унгояб рокьи бугони, бокьарасе рес буго гьелъулъ чIахIиял бергьенлъаби щвезе, машгьурлъиялъул борхалъуде вахине ва махщалил тарихалъулъ гъваридаб лъалкI тезе.

РакIчIун абизе кIола,гьединазул цоявлъун кколин- **СССРалъул спорталъул мастер, РСФСРалъулгун СССРалъул чемпион, Халкъалда гьоркьосеб ГIали ГIалиевасул турниралъул кIицIулго чемпион,физкультураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Муса ГIазаев.**

ГьитIинго бокьана Мусае спорт, хасго эркенаб гугари. Гьев,кIвахIтун, хIалтIана жиндирго мащел камиллъизабиялда тIад. Росдал школалда микьго классги лъугIизабун,гьев ана МахIачхъалаялъул профтехучилищеялде,гьелдаса хадув-политехникумалде.

1969 соналъ М. ГIазаев лъугьана ДГПИялъул физкультураялъул факультеталде. 1972 соналъ практикаялъ гIагараб росулъе вачIарав Муса,специалистал гIолел гьечIеблъи хIисабалдеги босун, физкультураялъул мугIалимлъун хIалтIизе тIамуна.

Гьай-гьай,дол соназ районалда спорт цебетIезабиялъе рукIинчIо киналниги шарт1ал. Гьелъие **«къучI»** лъезе тIаде босана Муса ГIазаевас. Цо-цоял божиларо,амма тIоцебесеб спорталъул секциялъ хIалтIизе байбихьула школалъул котельнаялъуб. Хадусан, дирекциягун дандги бан,Мусаца бакI хIадурула цебе туалетал рукIараб бакIги къачIан.ГIезегIан заманалъ гьабуна Мусаца гьениб хIалтIи. Хадуб, спорталъул хIалтIи гьабизе гьезие кьуна нухлул участокалъул букIараб,техникаялъе ремонт гьабулеб мина. 2-3 сон хIажалъана Мусае гьеб хIадур гьабиялъеги. Мусалгун букIараб дандчIваялда гьес абуна: «**ЧIахIияб гIелалда гIемер лъикI лъала доб заманалда дандчIвалел рукIарал захIмалъаби. Хьорщол кесекцин щвезе захIматаб заманалда,узухъда, бигьаяб ишлъун букIинчIо спорт бокьулезе бакI хIадур гьабизе. Кин букIун батаниги,гIемер рукIана кумекалъе рахъунел,ракIунтун,хIалтIи тIад босулел.**

**ГIолилазулъ букIана цIикIкIараб жавабчилъи ва гьабулеб ишалде рокьи. ШартIал гьечIониги,гIолилаз хIаракат бахъулаан махщел цIубазабизе,цогияздаса нахъе ккараллъун рукIунгутIизе**»,-ян.

ГIезегIанго сонал руго Муса ГIазаевас спорт районалда цебетIезабиялъе хасаб мина баралдаса. (Гьелда М. ГIазаевасул лъималгун гIолилазул спортшколаян абула). Росабалъ гьелъул филиалалги руго. Гьенир тIоритIула батIи-батIияб даражаялъул кьецал,гьениса къватIире лъугьана дунялалдаго цIар рагIарал спортсменал.

Гьебго дандчIваялда Мусаца абуна: «**Ниж чIечIого хIалтIулел руго спорт цебетIезабиялъе шартIал чIезариялда тIад. Гьале, дудаго бихьула жеги тIаде ралел бакIал. Нижеца хIаракат бахъизе буго спортсменазе, тIаде рачIарал гьалбазе киналниги санагIалъаби рукIинаризе. Районалда спорт цебетIезабиялда тIад хIалтIулел руго районалъе нухмалулелги. Гьедин, дагьал церегIан къояз нижехъе щвана районалъул бетIер XI.XI. Мусаев ва гьесул заместитель И.И.Шабазов.**

**Гьез хал гьабуна школалъул, рагIи кьуна хIажатаб кумек гьабизе. РахIат хвезабулеблъун ккола гьанжесел гIолилазул гьабулеб ишалде бугеб бербалагьи. Гьезие рокьулел гьечIо захIмалъаби. Гьел дандчIвайгун гIезегIанго гIолилал нахъе къалел руго. Доб заманалда гIадин киналго хIалтIулел ругелани, гьай-гьай, бергьенлъабиги гIезегIанго цIикIкIун рукIинаан, хIалтIиги бигьалъилаан. Щиб лъалеб, хадусан лъикIаб рахъалдеги руссинел ратила**»,-ян. ТIолабго гIумру кьуна Мусаца спорталъе, гьабсагIат гьев хIалтIулевги вуго. Жиндирго гIарац хвезабунги толаро нухда Мусаца иш. Гьелъие гIемерал мисалалги рачине бегьула. Мусаца Дилим росулъ бана мадраса жиндирго (мунагьал чураяв) вас ГIалил цIар тараб.

Камуларо Муса жамгIияб хIалтIулъаги. 90-лел соназ гьес гIуцIана имам Шамилил цIаралда бугеб Халкъияб фронт. Гьев вукIана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъунги, халкъалдагьоркьосел законалде данде ккоарел яргъид гIуцIаралгун къеркьеялъе Дилим росулъ халкъияб ополчение гIуцIаравлъунги, гьелъул цевехъанлъунги.

Гьединго, Мусаца рахъула назмаби ва кучIдул. Районалъе Муса ГIазаевас гьабураб пайдалияб хIалтIул хIакъалъулъ хъвазе ккани, тIубараб газета гIоларо.

*Нилъер районалъул г1олохъабазе,*
*Дуца ресал кьуна черх лъадаризе.*
*Гьезул бук1инесеб лъик1аб бук1ине,*
*Гьел ругьун гьаризе бана спортзалги.*

*Иман-исламалде рокьи бижине,*
*Т1аде рак1 ц1ц1ан унеб васазул мадрас,*
*Гьеб гуребищ Муса ахираталда,*
*Дуе пайдаялъе батизе бугеб?*

*Т1олго дунялалда гурелищ лъалел,*
*Дуца жал куцарал гугарухъаби?*
*Салатавиялъул г1олохъабиян,*
*Ч1ух1ун квер борхулин, кире кканиги.*

*Казбекалъул муг1рул раг1изарулел,*
*Салатавиялъул ц1ар борхатго кколел,*
*Къейгьеч1ел, къуватал васал куцазе,*
*Кьеги, Муса, дуе Аллагьас сахлъи.*

*ГIабдуразакъ МУХIАМАДОВ, ИчкIа росу.*

# ГьитIинго бижана хIалтIуде рокьи



Махщалилав тохтурлъун вахъине ккани, къваригIуна - сабру, унтараздехунисеб рокьи, гьезул унти жиндирабголъун бихьи. Гьев вук1ине ккола- ракIракIалъ жиндирго хIалтIи гьабулевлъун, гьелъул кIвар бичIчIуневлъун, кинабго гIумру халкъалъе хъулухъалъе кьезе хIадуравлъун. Гьединавлъун лъала гьаб макъалаялда бицен гьабулев, районалъул поликлиникаялъул дерматолог **Ибрагьимов Хайрула Эльмирзаевич**.

Гьев гьавуна 1963 соналъ ИчкIа росулъ рекьарухъабазул хъизаналда. Хайрулал эмен Ибрагьимов Эльмирза (Эте) гIемерал соназ хIалтIана ахихъабазул (цIибил гIезабулезул) бригадирлъун. РакIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъ гьев мустахIикълъана «**ХIурматалъул гIаламат**» орденалъе ва цогидалги шапакъатазе. Эльмирза вукIана росуцояз адаб-хIурмат гьабулев, жамагIаталда гьоркьоб рагIи билъанхъарав чи.

Эбел Ханзай йикIана рукъ - бакIалъул хIалтIи гьабулей, сахлъи гьечIей, гIемер тохтурзабазул хъулухъалде кколей гIадан. Гьелъги батила Хайрулаца тохтурасул махщел т1аса бищараб.

1980 соналъ «**4**» ва «**5**» къиматазда школаги лъугIизабун, Хайрула ана Дагъисталъул медицинаялъул институталде ва 1986 соналъ гьесие щвана лъималазул тохтурасул махщел. Гьебго соналъ хIалтIизе витIана Липецк шагьаралде.

1988 соналъ гьев тIадвуссана ва хIалтIизе байбихьана районалъул централияб больницаялда лъималазул тохтурлъун.

1999 соналъ, цIияб махщелги лъазабун, Хайрула хIалтIулев вуго поликлиникаялъул дерматологлъун (тIомол унтабазул тохтурлъун). Гьеб хIалтIуда Хайрулаца живго вихьизавуна унтаразе кумекалъе хIадуравлъун, махщел камилав тохтурлъун.

Хайрулаца ва лъади Майсаратица гIезаруна кIиго васги цо ясги. Гьезги тIаса бищана, инсуцаго гIадин, тохтурасул махщел.

КIудияв вас - ХIабиб ккола хирург, гьев ц1алулев вуго аспирантураялда.

Яс - ПатIимат хIалтIулей йиго терапевтлъун районалъул поликлиникаялда. Вас - СулайманхIажи цIалулев вуго Дагъистаналъул медицинаялъул университеталда цебе бугеб ординатураялда.

Цадахъ хIалтIулездаги гьудул-гьалмагълъиялдаги Х. Ибрагьимов лъала, цогияз жиндаса мисал босизе бегьулев, лъикIав инсанлъун ва махщел камилав тохтурлъун.

*И.ИДРИСОВ.*

# Кидадай нилъ кантIилел?

Керчалда ккараб лъугьа-бахъиналъ рекIее квешаб асар гьабичIев чи нилъеда гьоркьов хутIун ватиларо.

БукIана заман, гьеб рикIкIадги гьечIо, къватIисел пачалихъазда гьединал ишал кканин рагIараб мехалъ, гьеб тамашаяблъун кколеб. Гьале, щвана гьединал ишал нилъер ракьалдеги. Гьаб заманалъ гIемер ургъизе тIамула дун, доб заманалда рекIелъего рачIунарел рукIарал суалаз толаро цо хIалалда. 90-аб.соназ ва хадусан ккарал хиса-басиязул хIасилаздалъун квешал ишал гьарулел гIадамазул къадар гIезегIанго цIикIкIараблъиялда щаклъи гьечIо.

Умумузул аби буго: «**ГIадлу гьечIеб росулъ гIакIа гIемер ахIизе ккола**»,-ян. Гьеб ритIухъаб букIин бихьизабулел мисалал гIемер рачине бегьула. СССРалъул заманалда гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялда тIад хIалтIулеб букIана тIолабго пачалихъ. Гьанже гьеб рехун буго лъайкьеялъул учреждениябазул хIалтIухъабазде тIаде. Гьеб гьедин бугебгIан заманалъ камизе гьечIо чIвай-хъвей гьабулел, наркотикал хIалтIизарулел ва гь.ц. РакIчIун абизе кIола, киналго цадахъ лъугьун тарбия кьеялда тIад чIечIони, гьабулеб хIалтIуца щибниги хIасил кьезе гьечIин.

Гьабунин абиялъе хIалтIи гьабулебгIан заманалъ, нилъ цохIого бакIалъ рукIинеги руго. «**Дир рукъ-росу рагIалда**»,-ян нилъ чIани, квешал ишазде унезул къадар цIикIкIани гурони, дагьлъиладай?! Гьелда щаклъизе бачIуна.

*МухIамадрасул Расулов, ст.Къанаюрт.*

*4 ноябрь-халкъ цолъиялъул Къо!*

# Интеллектуалияб конкурсалда...



1 ноябралда Дилим росдал гимназиялда т1обит1ана, Россиялъул халкъ цолъиялъул Къоялда хурхинабураб, интеллектуалияб конкурс. Лъайкьеялъул Управлениялъул информациялъулгун методическияб Централъул специалистазул х1аркатчилъиялда ва **«Гьудуллъиялъулъ – нилъер къуват»** ц1аралда гьоркь т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана районалъул лъайкьеялъул учреждениябаздаса 70 муг1алим. Конкурсалда г1ахьаллъарал – **«Аваданал ясал»**, **«Цолъи»**, **«Ват1ан хирияв»**, **«Гьими»**, **«Рит1ухъал гьудулзаби»** ва **«Бергьенлъи»** командабаз къец балеб бук1ана бищунго г1акъилал ва цоцалъ гъункарал жалго рук1ин бихьизабиялъе.

Х1асилал гьарун хадуб, баянлъана **«Рит1ухъал гьудулзаби»** командаялъ бергьенлъи босараблъи.

**«Гьединал къецаз рес кьола профессионалияб лъай борхизабиялъе, квербакъула гьудулъиялъулал бухьенал щулалъиялъе, цадахъ рекъон, коллективалъулъ х1алт1изе ругьунлъиялъе ва творчествоялъе бугеб рес цебет1езабиялъе»**,-ян абуна тадбиралъул ахиралда ИМЦялъул начальникасул ишал т1уралей Мариям Лат1иповалъ.

*Джамиля Г1абдулах1итова, ИМЦялъул специалист.*

# Байрамалда хурхун,..




Гьал ахириял соназ,т1олго Россиялдаго г1адин, нилъер районалдаги к1одо гьабуна халкъ цолъиялъул Къо.

Гьедин, 1 ноябралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана рохалилаб данделъи.

К1алъазе яхъарай Зумрат Мух1амадовалъ(Централъул директор), баркиялъул раг1абаздаса хадуб, гьениб абуна:**«Т1аде щолеб байрам ккола эркенлъиялъул, ракълилаб Россиялъул халкъ цолъиялъул ва гьеб гъункиялъул къолъун. Нилъ ч1ух1изе ва рохизе ккола, нилъеца цадахъ рекъон, вацлъиялда ва, рекъел ц1унун, г1умру гьабулеб бук1иналдаса, гьанжесеб г1елалъ нилъер умумузул тарих, рук1а-рахъин к1очене толеб гьеч1олъиялдаса»**, -ян.

Гьединабго маг1наялъул к1алъаял гьаруна - Дилим росдал №2 лъималазул ахалъе нухмалъулей Гульнара Х1амзатовалъ ва Гуни росдал культураялъул Рукъалъул директор Загьра Умалх1атовалъ.

Данделъи берцин гьабураллъун рук1ана Дилим росдал №2, №3 лъималазул ахазул гьит1ичазул ва Гуни росдал гимназиялъул ц1алдохъабазул церерахъинал.

*А. ДИБИРОВА.*

*Байбихьи цебесеб номералда*

**30 октябрь – политикаялъул репрессиялъул къурбанал рак1алдещвеялъул Къо**

# Т1алих1алъул багьа щиб?

**(Романалдаса кесек)**

**-4- бет1ер**

К1удияб Ват1анияб рагъул сонал…Зах1малъаби, ургъелал, къварилъаби. Гьелъ кьаби щвезабич1еб хъизан росулъ бук1инч1о. Ват1аналде къо ккараб мехалъ, тущманасдаса эбелаб ракь ц1унизе фронталде унел жидерго росал,васал, вацал, бадиб маг1уги ххулун,т1орит1улел рук1ана росдал г1адамаз. Гьезухъе кьолел рук1ана кванил ниг1матал, нухда х1ажалъулеб, цадахъ босизе х1алк1варабщинаб. Гьарулел рук1ана бергьенлъигун руссаян т1адкъаял. Фронталде рит1еян чанго нухалъ росдал советалде аниги нуж жеги гьит1инго ругилан - нахъ ч1валел рук1ана Мусаги Идрисги. Рагъул авлахъалда рук1инч1ониги,Залмул лъималазул зах1маталъ мустах1икъаб бак1 ккуна г1агараб росдал колхозалъул киналниги х1алт1абалъ. Росулъ хут1арал херал бихьинал,руччаби,г1олилал ,рах1ат-х1алхьи тун ,къаси-къад ч1еч1ого, х1алт1улел рук1ана хурзабахъ,харибак1азда,боц1ул фермабазда. **«Фронтги тылги нилъее цо руго»**, **«Кинабго - бергьенлъиялъе г1оло»**- абурал ах1иял щивасе лъугьана т1убазе кколеб к1удияб борчлъун, аслияб масъалалъун. Х1алт1и зах1малъун бугин, рукъосан санаг1алъи кколарин абизе лъиданиги к1олароан. Гьезда т1ад тарав бригадирасул кьварараб г1адлуялъе мук1урлъизе кколаан. Щивасухъ х1алт1изабизе кьураб ракьалда бекьараб ц1оросаролъ, картощка,боц1уе кьезе ч1ак1улт1ан,риидал ч1аралдаса бац1ц1ад гьабизе ,хаслихъе бак1аризе, гьава-бакъалъухъ балагьич1ого, къаси моц1рол канлъухъецин,цере къот1ун, рачунаан. Гьединал х1алт1абазде т1адеги Залмуца хьухьана квасул щватабазул чанго жут, жаниб квасги лъун, рукъана анц1ила щуго пар къвалал гьеч1езул. Гьединалго сайгъатал , цогидаб х1ажатабщинаб рагъухъабазе фронталде рит1улел рук1ана росдал цогидал руччабазги. Росулъе цо-цо хъизанazде рач1унел рук1ана,нужер вас , яги рос ,хабар гьеч1ого, т1аг1анин, ч1ванин абурал ,ч1ег1ер барал кагътал. «Росдал почтальон Хамиз , щиб хабарги босундай яч1ина?» абураб х1инкъи лъугьун бук1ана щивасул рек1елъе. Рагъалъ бесдал гьаруна лъимал,къорол гьаруна руччаби. Къварилъи г1ахьалаб бук1ана киназего.Тушман Кавказалъул г1орхъоде г1агарлъулев вук1ана. Росулъ байбихьана г1олохъанал руччабигун ясал Терекалде хандакъал рухъизе рит1изе. К1оларин, бокьун гьеч1ин абун вит1ич1ого чи толеб заман доб бук1инч1о. Х1ажат бук1ана тушманасдаса г1агараб ракь ц1унизе, гьесие нухал къазе.Гьенире рит1улезул сиях1алде гьоркьое ккана Залмуги. Ч1еч1ого ралел ц1ц1адал, т1упун лъурал нак1к1ал,хаслихълъиялъул гьурал. Г1адамазул рак1алго г1адин, кьерхон бук1ана дунял. Риччун, ракъун, к1веч1ониги рухъулел рук1ана гьез, тущманасул танкал гьукъизе хандакъал. Х1алхьи гьабизе заман бук1инч1о.Т1асан хьвадулел тущбабазул самолетазул , гьез рахъ-рахъалде рехулел бомбабазул гьаркьахъа х1инкъун рахчун рук1унаан. Жидеего рац1ц1алъи гьабизе бук1инч1о рес. Биччараб, чорокаб рет1елгун ,щвара-щваралъул рагьлида регулел руччаби унтулел рук1ана. Щивас рукъоса бач1араб дагьабго ханждал гьарурал т1еренал панкъал режулаан, ц1адуда лъурал маххул булдузда т1ад. Гьедин ,цоцахъе кьурал панкъазул кесказ ракъи нахъ бусинабулароан.

Чорхол сахлъиги хун,гьелде т1аде бохги унтун, яч1ана Залму рукъое. Гьеб бук1ана киназего г1ахьалаб , бергьенлъиялъе г1оло гьабулеб къеркьей. Рагъда хадусел соназги бук1ана ракъдаллъи , бихьана ракъи. Абула, ракъи нич т1аг1араб жо бугин, чияркълъи гьелдасаги зах1матаб бугин». Залмул мадугьалихъ вук1ана чиякъав,т1алаб гьабизе чи гьеч1ев, Салих1 абурав херав чи . Щибаб кванил г1ужалъ вач1унаан гьев гьазухъе.

- Вах1, Машааллагь…Валлагьги биллагьги, кверал ч1ахъаяй Залму, дур кванил гьуинал мах1аз, вачунаха дун гьаниве… Гьединги абун, гужгаталъул къвалалги рак1арун, цо бок1нида г1одов ч1олаан Салих1. Г1алилги Ибрагьимилги гьул-гьуди бук1унаан гьев вач1унев вихьаравго. Щайгурелъул,жидеегоцин г1орц1изег1ан щолареб кванги кванан, унев Салих1иде цщим бук1унаан вацазул. Залмуца рахьдал чурпа цебе лъурабго гьес абулаан:-

Вах1, вах1… ц1амг1аллъанагури гьаб дихъа, Залму, бахъея цо гел т1аде….

Нахъисеб къоялъ вач1арабго, Салих1ица чурпилъе бич1унаан мучари…

-Вах1, бакъвалъанагурищ Залму, гьаб дихъа, т1ея цо гел т1аде….Залмуца х1ал лъазе толароан. Лъималаздаги абулаан руц1ц1ун рук1айилан. **« Аллагьас жиндиего хъвараб ризкъиялда хадув вач1унев чи вуго гьев нилъехъе»**-ян абулаан гьелъ гьезда. Заман бук1ана гьединаб,г1одобе бортараб кванил рич1ч1иялдацин, барахщун, мац1 бахъулеб, гьелъул къиматги х1урматги гьабизе кколеб.

**Х1. КАРИМОВА.**

# Шапакъат кьуна



Гьаб соналъул 26 марталда къват1ибе биччараб **«Чапар»** газеталда (№13) бахъун бук1ана Ленинаул росдал №1 гьоркьохъеб школалъул директор Хиля Аскендеровалъул «**Смелый поступок**» абураб макъала.

Гьениб бицунеб бук1ана 6-аб. классалъул ц1алдохъан Адам Арсланмирзаевас х1оринир гъанкъулел рук1арал к1иго ц1алдохъан хвасар гьариялъул.

Дагьал цереге1ан къояз, щуабилеб нухалъ Москваялда т1обит1араб данделъиялда, РФялъул Федералияб Собраниялъул Т1асияб палаталъул председатель В.Матвиенкоца гьесул каранда бана **«Гъанкъулел хвасар гьариялъухъ»** медаль.

*А.ДИБИРОВА.*

*Росдал маг1ишаталда*

## 7 ноябралда районалъул маг1ишатаз росдал маг1ишаталъул Управлениялде кьурал –пиринч1 бак1ариялъул, ракь бекьиялъул ва хаслихъе культураби хьаялъул баянал рехсараб таблица

| № п\п | Наименование хозяйств | Рис | | | | | План сева озим. (га) | Пахота (га) | | | | Посев (га) | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Площ. уборки (га) | убрано (га) | вал. сбор (тонн) | урож-ть ц\га | ост. убрать (га) | | 7.11. 2018г | | | | 7.11. 2018г. | | | |
| 1. | СПК « Дружба» | 72 | 32 | 122 | 38 | 40 | 550 | 580 | | | | 565 | | | |
| 2. | СПК «Победа» | 57 | 57 | 222 | 39 | | | | | | | | | | |
| 3. | СПК «Новая жизнь» | 200 | 200 | 660 | 660 | | 100 | | | | | | | | |
| 4. | СПК «Гертма» | 210 | 210 | 840 | 42,3 | | 260 | 320 | | | | 280 | | | |
| 5. | СПК «Чапаева» | | | | | | 55 | 55 | | | | | | | |
| 6. | «Красный Октябрь» | | | | | | 430 | 420 | | | | 350 | | | |
| 7. | ГУП « Дылымское» | 70 | 70 | 266 | 38 | - | 474 | 500 | | | | 450 | | | |
| 8. | МУП « Хубар» | | | | | | 40 | 40 | | | | 40 | | | |
| 9. | СПОК «Гуни» | | | | | | | | | | | | | | |
| 10 | СПК «Весна» | | | | | | | 50 | | | | | | | |
| | ВСЕГО: | 609 | 569 | 2110 | 37,1 | 40 | 1909 | 1965 | | | | 1685 | | | |
| | ЛПХ | 40 | 40 | 168 | 42 | | 30 | 80 | | | | 80 | | | |
| | КФХ | | | | | | 100 | 100 | | | | 100 | | | |
| | ВСЕГО ПО РАЙОНУ: | 649 | 609 | 2278 | 37,4 | 40 | 2039 | 2145 | | | | 1865 | | | |

*Г1.Г1абдулмуслимов, УСХялъул бет1ерав агроном*

*Дин ва гIумру*

# Дербенталде зиярат



1 ноябралда районалъул жамгIиял гIуцIабазул церехъаби: ХIажи Адимирзаев (Дилим), Хункарби М-хIабибов (Гуни), СагIид Алтумирзаев (Ленинаул), Тимирав Юнусов, ИсхIакъ Абубакаров ва Мухтар Чупалаев (Буртунай), ХIусен Тупаев (Алмахъ) ана Дербент шагьаралде. Гьенире гьел иналъе мурадлъун букIана Дербенталъул **Кирхляр** хабалалъ рукъун ругел 40 асхIабасул хобазде зиярат гьаби.

VII- гIасруялъ Дербент кколеб букIун буго Сасанидазул империялъул бутIалъун. Гьелде чIей гьечIел тIадекIанцIиял гьарулел рукIун руго хазараз.(цебесеб гочарулеб халкъ) ГIарабал Дербенталде рачIараб заманалда, гьелъул бетIерас, дандечIей гьабичIого, шагьар гьезухъе кьун буго. БакIалъул гIадамал хIинкъунгутIи мурадалда, гIарабазул аскар шагьаралде лъугьун гьечIо. КватIичIого, ункъазарго гIанасев рагъухъанги гьенив тун, гIарабал нахъе ун руго. ГIарабал нахъе къотIизе бокьун, хазаразул князь аскаргун гьезде тIаде кIанцIула. Биценалда рекъон, гьесул аскаралда букIуна 30 азаргоялдаса цIикIкIараб къадар рагъухъабазул. Дербенталда гIагарда бугеб Дарваг росдада аскIоб ккун буго кIудияб рагъ. Анлъго къоялда жаниб, хазаразул гьениб чIван буго 20-азаргоялдаса цIикIкIараб къадар рагъухъабазул,амма асхIабзабиги гьенир накълулъун руго.Гьеб гIадамаз цIакъ тамашаяб рагълъун рикIкIун буго.



Амма гьелдасаги кIудияб тамашалъи гьабизе ккараблъун рукIун руго гьадинал лъугьа-бахъинал: асхIабзабазул къадру гIодобе ккезаби мурадалда, хазаразул бетIерас гьел рукъизе теч1олъи, кватIичIого, хазаразул ракьалде унтаби ва цогидал балагьал рещт1ин. Цинги гьезул хераз абун буго, асхIабзаби кколеб къагIидаялда рукъичIони, балагьаз нилъ тезе гьечIилан. Гьел тIаде щвараб заманалда асхIабзабазул жаназаби щибго хисичIого ва тIогьол махIгун ратун руго. Гьеб бихьарал гIемераз ислам босун буго. Васияталда рекъон, асхIабзаби Дербенталда рукъун руго.

Гьединго, гьел щвана **Нарын** хъалаялде ва некIсияб мажгиталде. Сапаралде унезе транспорт чIезабиялъе кумек гьабуна районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасгун АХЦялъул директор ХIабиб Охъмазовас. Зиятаталъ унел доре-нахъе щвезаруна ТIагьир Пусмановас. Аллагьас къабул гьабеги гьезул зиярат. Кьеги талихIаб гIумруги лъикIаб ахиратги тадбиралъул гIахьалчагIигун гьеб тIобитIиялъе квербакъаразе.

*И.ИДРИСОВ.*

# Лъаг1алил муг1алим



Гъизилюрт шагьаралъул №3 гьоркьохъеб школалда физкультураялъул дарсал кьолев ва нилъер ракьцоявлъун кколев Хубаралдаса Гьарун Х1усейнов мустах1икълъана **«Физкультураялъул бищун лъик1ав муг1алим-2018»** ц1аралъе. Республикаялъул бат1и-бат1иял районаздаса ва шагьараздаса т1адехун рехсараб конкурсалда г1ахьаллъана 33 муг1алим.

*И.БУЛАТХАНОВ.*

# Объявления

Выборочное федеральное статистическое наблюдение по вопросам использования населением информационных технологий и информационно-телекоммуникационных сетей (ИКТ) будет проводиться в Казбековском районе в с. Гуни с 12 по 18 ноября 2018года. Единицами отбора являются домашние хозяйства, единицами наблюдения - лица в возрасте 15 лет и старше, члены этих домохозяйств.

Информация, полученная по итогам обследования ИКТ, используется для анализа состояния и тенденций развития информационного общества с учетом региональных особенностей и социально-демографических характеристик.

Данное обследование проходит на всей территории Российской Федерации. Опрос населения осуществляется методом проведения интервью и записи сведений, полученных от респондентов на основе формы федерального статистического наблюдения № 1-ИТ «**Анкета выборочного обследования населения по вопросам использования информационных технологий и информационно-телекоммуникационных сетей»**, утвержденная приказом Росстата от 06.10.2017 № 661, с изменениями от 21.02.2018 № 82.

Первичные статистические данные, содержащиеся в анкете об использовании ИКТ, признаются информацией ограниченного доступа. Они не подлежат разглашению (распространению (или) предоставлению) и используются только в целях формирования официальной статистической информации.




Продается завершенный жилой дом со всеми удобствами на участке **«Салавюрт»,** который находится возле трассы Дылым-Хасавюрт.

**Телефон для справок: 8 988 653 55 05**

Продается двухэтажный жилой дом с подвалом на участке **«Салавюрт»** (первая улица). Имеются огород, колодец и т.д.

**Телефон для справок: 8 988 653 55 05**

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №152 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*